

KONNEN DWA OU YO:

FASON POU ANPECHE AK GOUMEN KONT MOUN KI METE OU DEYÒ / FÈMEN OU DEYÒ YON FASON ILEGAL (Haitian Creole)

Ou dwe konnen bagay sa yo:

Lwa pou yo pa mete moun deyò ilegalman an (Unlawful Eviction Law) pwoteje moun nan sèten sitiyasyon. Si ou t ap viv nan adrès ou ye a pou 30 jou oswa plis, kit ou gen yon kontra lwaye ou pa, epi ou jwenn pwoteksyon anba Lwa pou pa mete moun deyò ilegalman an, pwopriyetè kay ou pa ka fè ou soti nan kay la si li pa gen yon lòd ki soti nan men yon jij.*

Li ILEGAL pou pwopriyetè kay ou fè bagay sa yo pou eseye mete ou deyò:

- chanje / retire seri nan pòt yo oswa retire pòt antre a; oswa
- voye bagay pa ou jete; oswa
- fè vyolans oswa menase l ap fè vyolans; oswa
- koupe chofaj, dlo cho, kouran, oswa lòt sèvis fondamantal.

Fason pou evite yo mete ou deyò yon fason ilegal:

- **KENBE PRÈV** ou te rete nan adrès la pandan omwen 30 jou.
Men kèk egzanp prèv:
 - Yon kopi kontra lwaye a; oswa
 - Bòdwo kouran oswa telefòn, lòt lèt yo te voye sou non ou nan adrès sa a; oswa
 - Resi oswa prèv ou te peye lwaye ou.
- **DI PWOPRIYETÈ KAY LA** ou p ap kite san lòd yon jij.
- **RELE LAPOLIS** si pwopriyetè kay la eseye fòse ou kite kay la.
 - Di polis la y ap mete ou deyò epi se yon vyolasyon lwa pou pa mete moun deyò ilegalman an.
- **ALE NAN TRIBINAL LOJMAN** epi depoze yon plent pou pwopriyetè kay k ap mete moun deyò ilegalman.
 - Si yo te fòse ou kite kay la oswa yo te fèmen ou deyò kay ou yon fason ilegal, ou gen pou ou retounen lakay ou ak yon plent kont pwopriyetè kay k ap fèmen moun deyò yon fason ilegal. Ou dwe ale nan Tribinal Lojman epi ale nan Biwo Grefye a pou lanse plent la.

W ap jwenn Tribinal Lojman nan Vil New York yo nan:

Bronx

1118 Grand Concourse
Bronx, NY 10456

Brooklyn

141 Livingston Street
Brooklyn, NY 11201

Manhattan

111 Centre Street
New York, NY 10013

Queens

89-17 Sutphin Boulevard
Jamaica, NY 11435

Staten Island

927 Castleton Avenue
Staten Island, NY 10310

* Nou bay avi sa a konfòmman ak Lwa Lokal 12 (Local Law 12), ki egzije Minisipalite vil la pou fè ou konnen dwa ou yo anba Seksyon 26-521 nan Kòd Administratif Vil New York la (New York City Administrative Code) konsènan lè yo mete moun deyò yon fason ilegal. Li pa ba ou okenn nouvo dwa ou pa deja genyen anba Seksyon 26-521. Si w ap viv nan yon lojman Vil New York ap jere oswa y ap jere pou Vil New York oswa ou resevwa asistans pou lwe kay ou, ou dwe kontinye satisfè kritè pwogram sa a. Tanpri rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.